Asan ak Usaynu ñooy sangi waxambaaney waa àjjana

Jële nañu ci Abuu Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "Asan ak Usaynu ñooy sangi waxambaaney waa àjjana".

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne ñaari sëtam yii Asan ak Usaynu ñaari doomi Aliyun Ibn Abii Taalib ak Faatimatu doomu Yonnente bi ñooy sangi kepp ku faatu tey waxambaane bu dugg àjjana ci ngëneel, walla ñooy sangi waxambaaney waa àjjana ba mu des Yonnente yi ak Xalifaa yu jub ya.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/11169